

**Biwo Edikasyon ak  
Reyabilitasyon  
Pwofesyonèl (Office of  
Education and  
Vocational Rehabilitation  
OEVR) Asistans pou  
retounen travay**



**MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF  
INDUSTRIAL ACCIDENTS**

## Kisa Reyabilitasyon Pwofesyonèl ye?

Menmsi pifò nan travayè ki blese tounen nan travay yo te genyen anvan an, sa konn rive ke kalite blesi yo genyen an fè li pa posib pou yo tounen. **Reyabilitasyon Pwofesyonèl (VR)** ede travayè blese a jwenn yon nouvo djòb oswa yon nouvo karyè. VR ofri sèvis ki pa medikal sa yo sou fòm tès/konsèy pwofesyonèl ak asistans pou plasman nan travay. **Biwo Edikasyon ak Reyabilitasyon Pwofesyonèl (OEVR)** kowòdone sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl anke li referans pou asirè yo. OEVR pa ofri sèvis sa yo dirèkteman.

## Kimoun ki gen dwa kalifye pou Sèvis VR?

Kèlkeswa travayè an ki blese gen dwa aplike. Sepandan, pou ou kapab kalifye pou VR, yon travayè ki blese ta dwe:

- Gen asirans-responsabilite asirè a aksepte;
- Nan yon eta medikal ki estab;
- Gen limitasyon fonksyonèl pèmanan;
- VR dwe posib pou fè epi ekonomik, jan OEVR detèmine l lan.

## Kijan mwen kapab aplike pou Sèvis VR?

Ou gendwa aplike lè ou efektye etap sila yo:

- Aplike nan zòn kote y ap egzamine ka ou; pou sa, ranpli yon fòm referans pou mande yon randevou obligatwa. Ou kapab jwenn fòm referans lan sou wèbsayt DIA [mass.gov/dia/oehr](http://mass.gov/dia/oehr) an oswa nan men Ofisyè Rejyonal Revizyon an. Ranpli fòm referans lan nè ale. Avoka ou gendwa ede ou ranpli fòm la tou.





- Tanpri mete tout rapò medikal, ki poko gen plis pase sis (6) mwa ansnam ak yon kopi règleman peman an yon sèl fwa an, si sa aplikab.
- Voye (gade adrès ki nan do fèy sa a) oswa fakse nan (617) 727-4366 fòm referans ki tou ranpli a ansanm ak dokiman ki tache la a voye nan zòn kote y ap egzamine dosye ou, voye yo bay Biwo Edikasyon ak Reyabilitasyon Pwofesyonèl (OEVR).
- Yon Ofisyen Rejyonal Revizyon pral kontakte ou pou fè yon randevou.

## **Kimoun ki deside sim wen elijib pou resevwa Sèvis VR?**

Biwo Edikasyon ak Reyabilitasyon Pwofesyonèl (OEVR) pral egzamine istorik medikal, edikasyon ak pwofesyonèl ou yo. Si yo wè ou elijib, OEVR pral mande pou asirè organize sèvis VR pou ou.

## **Si yo panse mwen kalifye pou Sèvis VR, èske asirè pral banmwen sèvis sa yo?**

Asirè a oblige ba ou sèvis VR, depi OEVR deklare ou kalifye.

## **Èske VR vle di yo pral voye mwen lekòl pou banmwen fòmasyon ankò?**

Se pa tout moun ki bezwen yo bay yo fòmasyon ankò.

Posesiv VR lan oryante sou djòb epi li fèt pou ede ou tounen nan travay yon fason ki bon mache ak rapid, jan sa posib. Yo pral eseye fè ou tounen opre menm anplwayè a ak nan menm travay ou te genyen anvan an. Si sa pa posib, alòs yo pral eksploré opsyon sila yo nan lòd ki endike anba la a:

- Si ou pa kapab retounen nan menm djòb la, alòs yyo pral eseye modifie djòb ou pou ou kapab rekòmanse travay pou menm anplwayè a;
- Si sa pa posib, alòs yo pral eseye jwenn yon lòt djòb opre menm anplwayè a;
- Si sa pa posib, alò yo pral eseye jwenn yon lòt djòb pou ou opre yon lòt anplwayè;
- **Re-edikasyon se yon opsyon sèlman si tout opsyon anlè yo elimine.**

**Èske asirè a banmwen lajan anplis, nan kad Règleman Peman an yon sèl fwa a, pou mwen kapab okipe jwenn pwòp reyabilitasyon pwofesyonèl mwen?**

Non. Depans Sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl (konsèy ak tès pou pwofesyon, chèche djòb, plasman nan travay, modifikasyon djòb, elatriye, elatriye) pa kapab antre nan Règleman Peman an yon sèl fwa ou an.



## **Kijan yon Peman Règleman an yon sèl fwa gendwa afekte elijibilite mwen pou sèvis VR?**

Ou gendwa chèche jwenn reyabilitasyon de (2) zan oplita apre yo apwouve règleman montan an yon sèl fwa ou an. Al gade MGL c. 152, § 48(2). OEVR pral pran desizyon final la konsènan elijibilite ou pou jwenn sèvis pwofesyonèl.

## **Èske mwen dwe aksepte Sèvis VR yo?**

Non. Sepandan, si depatman sa a wè ou kalifye pou sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl epi ou pa patisipe nan okenn pwogram reyabilitasyon pwofesyonèl, yo gendwa redwi konpansasyon pa semèn ou an pa 15%.

## **Èske yok a garanti mwen yon djòb?**

Non. Pèsòn pa kapab garanti yo pral ba ou yon djòb. Ofisyè Rejyonal Revizyon Reyabilitasyon ki responsab dosye ou pral siveye pwogrè ou nan jefò ou ap fè aktivman pou retounen travay. Sèvis VR yo ta dwe amelyore potansyèl ou Pou Retounen Travay.





# MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF INDUSTRIAL ACCIDENTS

## Office of Education and Vocational Rehabilitation [mass.gov/dia](http://mass.gov/dia)

**Si ou bezwen plis enfòmasyon, al gade nan  
[mass.gov/dia/oevr](http://mass.gov/dia/oevr) oswa voye yon imèl nan  
[OEVR@dia.state.ma.us](mailto:OEVR@dia.state.ma.us)**

### **Biwo prensipal**

Lafayette City Center  
2 Avenue de Lafayette  
Boston, MA 02111-1750  
(617) 727-4900 x 7303, Fax (617) 727-4366

### **Biwo Rejyonal yo**

1 Father DeValles Boulevard, 3rd Floor  
Fall River, MA 02723  
(508) 676-3406

354 Merrimack Street,  
Building 1, Entrance C, Suite 230  
Lawrence, MA 01843  
(978) 683-6420

436 Dwight Street, Room 105  
Springfield, MA 01103  
(413) 784-1133

Mercantile Center,  
100 Front Street, Suite 310  
Worcester, MA 01608  
(508) 753-2072